



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2.5 MILYON DOLA NAN NOUVO FINANSMAN POU SÈVIS ADISYONÈL POU MOUN 14 ME A TE AFEKTE ATAK SIPREMESIS BLAN NAN TOPS MARKET NAN BUFFALO**

*Finansman an pèmèt Buffalo United Resiliency Center ogmante touswit pèsone l; Asire sipò operasyonèl nesese pou sèvi sivivan, manm fanmi viktim, anplwaye Tops yo ak kominote alantou a*

*Buffalo Urban League ak Community Health Center of Buffalo pral fè patenarya pou jere Buffalo United Resiliency Center epi travay avèk Komite Direktè Sant Rezistans lan pou devlope ak aplike pwogram ak sèvis ki aliye avèk "Evalyasyon Bezwen Kominote" Komite a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 2.5 milyon dola nan nouvo finansman Eta a pou sèvis bay moun atak sipremesis blan 14 me 2022 a te afekte nan Tops Market nan Kot Lès Buffalo. Buffalo Urban League pral dirije yon nouvo patenarya avèk Community Health Center of Buffalo pou jere Buffalo United Resiliency Center avèk nouvo finansman eta Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York bay jiska jen 2025. Enjeksyon finansman Eta sa a pèmèt Buffalo United Resiliency Center ogmante imedyatman anplwaye yo epi asire li gen sipò operasyonèl ak administratif ki nesese pou sèvi viktim ak sivivan yo, anplwaye Tops yo ak kominote ki alantou makèt la. De òganizasyon yo pral fè patenarya ak Komite Direktè Sant Rezistans ki egziste deja a pou devlope ak aplike pwogram ak sèvis ki aliye ak evalyasyon bezwen komite a fèk fin fè.

"Atak 14 me a te pote plis mal nan yon kominote ki gen lontan l ap fè fas ak diferans ekonomik, aksè inekitab nan sèvis debaz yo ak rasis anrasinen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York p ap renonse a sipò li pou katye Jefferson Avenue ak rezidan li yo pandan l ap kontinye retabli anba trajedi sa a. Finansman adisyonèl sa a pèmèt nou elaji sèvis ak pwogram pou Nouyòkè yo ki merite wè lanmou ak sipò nou tounen aksyon".

Chardanay (Char) Young-Ford pral sèvi kòm Direktè Pwovizwa Buffalo United Resiliency Center (BURC), ki pral gen kat responsab dosye ak de espesyalis sansibilizasyon imedyatman. Madam Ford pral travay avèk Buffalo Urban League (BUL), Community Health Center of Buffalo (CHCB), ak Komite Direktè a pou konsevwa

ak aplike livrezon sèvis ak pwogramasyon nan fason ki aliyen ak "Evalyasyon Bezwen" Komite Direktè a te fè tou dènyèman. Bezwen sa yo enkli, men pa limite a, aksè a lojman, aksè a transpò, aksè ijans nan manje alontèm, ansanm ak asistans pou lokasyon, sèvis piblik, ak lòt aryere yo.

Apati mèkredi 5 Avril, BURC ap fonksyone soti 9 AM jiska 5 PM, lendi jiska vandredi, nan 1149 Jefferson Avenue, Suite A.

Anplis sa pèmèt BURC agrandi kapasite li imedyatman, nouvo finansman an pral kontinye sipòte travay Komite Direktè a, ke Dina Thompson ap dirije, Direktè Egzekitif Kowalisyon pou Jistis Restoratif Konte Erie a, pandan tout tan finansman eta a.

**Direktris Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York la, Elizabeth Cronin, te deklare,** "Touswit apre atak rayisman an nan Buffalo, nou te voye anplwaye nan vil la pou ede moun ki afekte dirèkteman ak manm yo nan kominote a. Gouvènè Hochul te ouvri wout la pou asire ke finansman ak resous yo disponib pou kontinye bay èd ak sipò pou viktim yo, fanmi yo, travayè yo ak rezidan yo ke atak la te deranje lavi yo. N ap kontinye travay ak patnè nou yo nan Buffalo pou sipòte retablisman, diminye vyolans ak zam epi bay sipò ak opòtinite pou moun ki afekte nan zak vyolans devastatè sa a".

**Majistra Buffalo, Byron Brown, te deklare,** "Mwen rekonesan ke Gouvènè Kathy Hochul kontinye bay resous ki nesèsè yo pandan n ap fè patenarya pou sèvi bezwen Lès Buffalo ak kominote nwa Buffalo a. Buffalo United Resiliency Center, se yon gwo resous pou Lès Buffalo k ap bay sèvis enpòtan pou kominote nou an k ap retabli. Ekspansyon yo pral kontribiye anpil nan sipòte tout moun ki afekte nan trajedi terib ki te fèt nan 14 me 2022".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Buffalo Urban League, Thomas Beauford, Jr., te deklare,** "Buffalo Urban League, nan alyans estratejik ak Community Health Center of Buffalo, pral pwofite konpleman pwogram, sèvis dirèk, ak vwa konfyans nou ki egziste yo pou ede fè fas a kèk defi trè esansyèl jan kominote nou an enfòmè sa. Atravè kolektif sa a, ak finansman amelyore Eta New York sa a, kominote a pral gen yon Sant Rezistans ki trè reyaktif ak gen resous pou fè fas a yon pakèt detèminan sosyal sante ak richès".

**Direktè Egzekitif ak Direktè Egzekitif Jeneral Community Health Center of Buffalo, Doktè LaVonne Ansari, te deklare,** "Se yon travay enpòtan ke nou fè pati. Nou asire ke nou pral fè tout sa nou kapab pou satisfè bezwen kominote nou an".

**Direktè Pwovizwa Buffalo United Resiliency Center, Chardanay Young-Ford, te deklare,** "Antanke Direktè Pwovizwa Buffalo United Resiliency Center, li enpòtan pou mwen anplifye vwa moun yo apa kominote ki afekte dirèkteman an. Kòm li obligatwa pou nou kenbe bezwen kominote ki afekte dirèkteman yo nan premye plan. Nouvo patenarya sa a pral pèmèt Buffalo United Resiliency Center gen yon pi gwo atent nan bay kominote ki afekte yo sèvis, nan mete aksan sou kreye espas ki an sekirite ki

ankouraje retablisman, pandan l ap adrese divès detèminan sosyal enkyetid sante yo. Depi 14 me 2022 bezwen kominote ki afekte yo sèlman ogmante, epi patenarya sa a se yon pwochen etap enpòtan nan bay bon jan sèvis ak resous ki adrese bezwen sa yo. Mwen rekonesan dèske m kapab kontinye sèvi kominote sa a, epi sipòte pakou retablisman yo avèk finansman Gouvènè Hochul bay. Konekte ak paj Facebook Buffalo United Resiliency Center a, pou jwenn mizajou enpòtan ki pral pale sou sèvis nou ofri yo, ansanm ak pwogram ki gen pou fèt yo.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Resource Council of Western New York, te deklare,** "Nan non kominote Lès Buffalo, nou rekonesan pou resous adisyonèl Eta New York yo ki pral sèvi moun ki te afekte nan trajedi terib 14 me 2022 a. Konsèy Resous Lwès New York la ap kontinye sèvi moun ki afekte dirèkteman ak endirèkteman nan fiziyad an mas la epi li pa ka tann pou l fè patenarya avèk Buffalo Urban League ak Community Health Center of Buffalo pandan n ap kontinye adrese epi bay vwazen ak kominote n ap sèvi yo nou yo sipò kontinyèl ki nesèsè anpil.

**Direktè Egzekitif Kowalisyon pou Jistis Restoratif Konte Erie ak Prezidan Komite Direktè Buffalo United, Dina Thompson, te deklare,** "Mèsi, Gouvènè Hochul, pou sipò ou kontinye bay moun ki afekte dirèkteman ak endirèkteman nan atak 14 me sou kominote Afriken Ameriken ki abite nan Kot Lès Buffalo. Resous adisyonèl la pral ede manm kominote a jwenn aksè a resous yo bezwen pou yo retabli ak ranfòse byen yo ki nan kominote a. Moun ki sou Kot Lès Buffalo yo te demontre mond lan kapasite yo pou yo reyini ansanm epi retabli sa yon lòt te eseye kraze. Rayisman pa gen plas nan kominote nou an, epi lanmou ap toujou pote viktwa. Ansanm nou pral bati yon kominote kote nou tout ka viv, jwe, aprann, travay, ak pwospere".

Finansman eta a pral konplete finansman federal ki disponib atravè pwogram federal Asistans Kont Teworis ak Ijans Biwo pou Viktim Krim nan. Finansman sa a dwe itilize pou sèvi viktim ki defini legalman, ki idantifye legalman: fanmi gason ak fanm yo te touye ak moun yo te blese; Anplwaye Tops ki te nan magazen an nan moman fiziyad la; nenpòt moun ki te nan makèt la oswa nan pakin lan nan moman fiziyad la; moun ki nan distans yon reyon sèn krim lan; ak premye sekouris yo.

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare,** "Chagren pa gen dat pou l fini; li obligatwa pou nou asire moun fiziyad an mas nan dat 14 me a afekte yo jwenn aksè a asistans kontinyèl ak resous sipò pandan tout pwosesis retablisman yo. Nouvo finansman eta sa a mete aksan sou angajman New York pran anvè Kot Lès Buffalo ak moun ki toujou ap goumen kont gwo pèt sa yon ane apre".

**Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Mwen bat bravo pou Buffalo Urban League ak Community Health Center of Buffalo, pami anpil lòt òganizasyon, paske yo te entèvni lè kominote nou an te bezwen yo plis apre 14 me a. Fanmi viktim yo, zanmi yo, anplwaye Tops yo, moun ki t ap pase yo ak moun ki abite nan zòn nan yo toujou anba chòk. Nou se yon pèp ki gen fòs ak rezistan, n ap travèse sitiyasyon sa ansanm. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li bay plis resous pou pèmèt sèvis sipò ki nesèsè sa yo kontinye".

**Prezidan Asanble Lejislatif Konte Erie a, April Baskin te deklare,** "Prezidan Asanble Lejislatif Konte Erie, April N. M. Baskin, te deklare konsa: "Tirè an mas la te lakòz blesi sou kò ak lespri rezidan Lès Buffalo yo ki te deja ap viv ak sikatris twomatis sistemik yo. "Lajan sa yo pral pèmèt Sant Rezistans lan ogmante swen yo bay yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li kontinye pran pou l bay resous nan pati nan kominote nou an ki te neglije depi lontan an".

**Lejislatè Konte Erie, Howard Johnson, te deklare,** "Mèsi Gouvènè a dèske w te bay finansman ki nesesè sa a pou moun ki nan kominote a ki kontinye santi enpak atak teworis 14 me a. Nou ap antre nan anivèsè ane evènman inimajinab sa a ki te pase nan kominote nou an epi doulè a toujou trè reyèl pou nou tout. Avèk finansman sa a, Buffalo United Resiliency Center pral kapab kontinye ak travay li nan ede moun ki toujou santi enpak 14 me a, epi sa pral ede kominote a pandan n ap travay pou nou avanse epi retabli anba atak terib sa a nan lavi nou".

**Manm Konsèy Kominal Buffalo a, Ulysees O. Wingo, Sr. te deklare,** "Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w te asire ke bezwen sikolojik ak sosyo-emosyonèl Vil Buffalo yo se priyorite lè nou konsidere tout twomatis atak 14 me 2022 sou gwo vil nou an te lakòz sou Afriken Ameriken yo. Sèvis adisyonèl ki nesesè yo enpòtan anpil pou asire ke lidèchip Eta New York bay Afriken Ameriken nan Buffalo yo valè yo epi resevwa sèvis ki nesesè anpil pou ede retabli anba twomatis yon fiziyad rasis ki baze sou rayisman te lakòz nan Lès Buffalo".

OVS founi yon rezo sekirite esansyèl pou moun ki gen depans oswa pèt ki soti nan yon krim, men ki pa gen okenn resous pou peye yo oswa konpanse yo. Asistans finansye a kouvri depans medikal ak seyans konsèy, depans pou fineray ak antèman, pèt salè ak sipò, anplis lòt asistans yo. Pandan [Iwa eta a limite kantite sèten konpansasyon ak ranbousman](#), New York se sèl eta nan peyi a ki pa gen limit sou depans medikal ak seyans konsèy, sa vle di moun yo ka resevwa asistans pandan tout lavi yo.

Ajans lan finanse tou yon [rezo plis pase 200 pwogram asistans pou viktim](#) - ki gen ladan yon douzèn nan Buffalo - ki bay sèvis dirèk pou viktim ak sivivan krim yo, ki gen ladan terapi, gwoup sipò, jesyon ka,abri ijans, asistans legal sivil, akonpayman nan tribinal, ak transpò, pami lòt asistans. Ajans la bay tou asistans finansye ak ranbousman pou viktim krim ki elijib yo pou depans medikal ak konsèy, depans pou fineray ak antèman, pèt salè ak sipò, anplis lòt asistans yo. Swiv OVS sou [Twitter](#) ak [Facebook](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)